



Notifikasyon sou Pataje Enfòmasyon Elektwonik ak Opsyon Pou Refize

Lwa leta ak federal pèmèt pwofesyonèl swen medikal yo pataje enfòmasyon sou sante pou rezon trètman san otorizasyon oswa konsantman espesifik. Sepandan, konsantman espesifik yo bezwen pou divilge enfòmasyon sa yo: Tès Jenetik; Maladi moun pran nan fè sèks; ak Tretman Sante Konpòtmantal [nan men sikològ; sikoterapet; travayè sosyal; konseye otorize pou maryaj, fanmi, reyabilitasyon, ak sante mantal ak sikològ edikasyon; konsèy pou viktim vyòl; konsèy pou viktim vyolans nan kay ("Enfòmasyon Delika")]. **Epitou Kominikasyon enfòmasyon sou VIH deyò BMC egzije konsantman espesifik, tankou kominikasyon enfòmasyon sou VIH ak pwofesyonèl swen sante kote pasyan an gen yon relasyon trètman avèk yo.** Avèk siyati mwen anba a, mwen dakò pou BMC ak pwofesyonèl swen sante li yo pataje Enfòmasyon Sansib ak enfòmasyon VIH ak founisè deyò BMC ak ki mwen gen yon relasyon tretman.

Pataje Enfòmasyon Elektwonik:

Nou patisipe nan echanj enfòmasyon sou sante (health information exchanges (HIEs)) tankou avèk Massachusetts Health Information Highway (Mass HIway) ak Epic's Care Everywhere, epi nou bay aksè ak sekirite lapoula ak founisè afilye nan BMC ChartLink yo. Nou itilize HIE yo avèk Charlink antanke yon metòd pou pataje, mande, ak resevwa enfòmasyon elektwonik sou sante ak lot òganizasyon swen sante. Pou nenpòt kesyon, oswa si ou vle chwazi pa pataje enfòmasyon ou atravè HIE oswa ChartLink, kontakte Biwo Konformite ak Konfidansyalite a. **Pou w chwazi pa pataje enfòmasyon elektwonikman, kontakte Biwo Konfòmite ak Prive at (617) 414-1800, oswa nan privacyofficer@bmc.org**

Mwen konprann bay konsantman pou divilge enfòmasyon sante mwen se volontè epi sa pap gen enpak sou trètman mwen, pèman mwen, enskripsyon nan plan sante mwen, oswa kalifikasyon pou benefis sou desizyon mwen. Mwen konprann mwen gen dwa pou anile otorizasyon mwen bay pou kominike enfòmasyon atravè mwayen elektwonik nenpòt lè, akondisyon yo pa te deja kominike enfòmasyon yo. Pou anile otorizasyon sa a, mwen dwe kontakte Depatman Konfòmite ak Konfidansyalite.

Mwen te li epi mwen konprann dokiman ki anlè a. Yo te eksplike tout kesyon mwen te genyen nan fason epi mwen satisfè. Mwen se pasyan an oswa mwen se reprezantan oubyen ranplasan pasyan an ki otorize legalman, epi poutèt mwen siyen anba a, sa endike mwen konfime mwen resevwa Notifikasyon sou Kominikasyon Enfòmasyon Elektwonik BMC.

Siyen Non _____ Ekri Non _____ Dat: _____ Lè: _____
Pasyan

Siyen Non _____ Ekri Non _____ Dat: _____ Lè: _____
Paran/Responsab Legal/Reprezantan
(si sa kapab aplike)

Mwen te entèprete espplikasyon pwofesyonèl swen sante a. (Entèprèt la dwe siyen anba, si sa aplikab)

Siyen Non _____ Ekri Non: _____ Dat: _____ Lè: _____